

gènan taenan, sampoen oemoer 9 th.

a. Ewadéné ingkang: lengganan teka saweg semanten? O, inggih sabab poenika: katholik, tjiang limrah boten dojan, kedjawi bangsa: R. K. b. Lo, la kok boten sadaja gotrah R. K. sami lengganan inggih...?

poenapa sababipoen?
c. Saking lengganan takedik samanten, arta abonné sakedik meksa taksih ngentar, inggih...?

poenapa sababipoen?
Mangka prijantoen ingkang ngentar waoe: katah ingkang sami lengganan koran sanès, koewadjabanipoen saé...!

Inggih bab: b. lan c. poenika ingkang saèstoe adamel goemoening manah koela:

Poenapa sababipoen? poendi ingkang taksih kirang leres? o baja ketemoe mana...!

Mangga sadèrèk, K.W.K.W., P.K.W., dipoenpadosi, koela: satoeng-giling lid K.W. njoewoen miterang dateng P.K.W., sesepoeh! poenika lo—wonten oeroesan. Saèstoe émanéman, jèn sadangoenipoen badé tansah makaten.

Oeger² dados rembag, oesoel, nanging sakedap kémawon ladjeng: tjeeeeeep kados orong-orong kapitet. Hem...!!!!

Mangsoeli atoe koela ing nginggil, poen Sw. Tm. temtoe saged inggil, sa-oeger akendit inggil.

Dados Sw. Tm. — betah: betah. — golèk geni adedamir, wong ngangsoe pikoelan warih. Makaten paribasaniipoen.

Mila, sagedipoen Sw. Tm. soegih, namoeng, manawi gadah lengganan katah.

Sagedipoen gadah lengganan katah, namoeng manawi: saged ngladosi tjiang katah. Déné sagedipoen ngladosi — oegi mawi ragad — lo ragad malih...! inggil mila makaten.

La sapoenika kados-poendi sagedipoen angsal ragad — mangga kagalih...! K.W.K.W., P.K.W. mangga kapanggali! P.K.W. sesepoeh — poenika lol wonten panggalihan! Poenapa aandeel — poenapa: entree miroenggan...! poenapa sami damel lotré! Pèn koela nrijosi: boten soesah ngaten-ngaten, kados sapoenika poenika kémawon, oeger sadaja gotrah R.K. sami lengganan, Sw. Tm. badé soegih — ladjeng saged...!

„O pèn, soekoer jèn mangkono, nanging nitik sing oewis kelakon — teka: ORA BISA.

Mangga manawi njata badé andadosi serat kabar saèstoe! rak inggih makaten ta ki raka M.J.S.? C. Ordeeka.

MODERN SAËSTOE?

Ing kala warti kita ing riki mentas wonten pasaelajan prakawis modern contra kolot. Koela boten badé tjawé-tjawé dateng ingkang nembé... poenika. Mangsa borong, ning boten roedjok jèn sadaja-sadaja doepèh modern ladjeng kaasta tjeg-gemek.

Wingi-embèn serat-serat kabar dedreg ngrembag réma boekoengan, ladjeng kain krawangan, vrouw fiet-sen, sapoenika wonten ingkang taksih anget i. p. dansah tjara modern (moderne dans).

Warga P.P.I. katah ingkang roedjok dateng prakawis poenika, katjeta wonten kalawarti „Istéri.” Prakawis poenika badé karembag wonten ing kongres béndjing woelan December ngadjeng poenika. Wonten ingkang tjrijos bilih poenika satoenggiling sport ingkang ndjamani lan tjtjog sanget kalijan kasoelilaning wanita. Wadoeh lé madijoe ta nèh??? Wanita Katoelik, ingkang dados oetoesan ing kongres ngadjeng, ngatos-atos!

Manawi tjiang accord dateng prakawis beksa modèl baroe poenika, margi satoenggiling „kunst,” kanggé sport, sebab poenapa jèn beksa kok boten kakoeng sami kakoeng? Kok kedah poetri kalijan kakoeng? Poenapa jèn kakoeng kalijan kakoeng, oetawi wanita kalijan wanita ladjeng boten nama kunst?

P. S. I. Sitti Moendjijah, bestuur P. S. I. afdeeling wanita, wonten ing Openbare vergadering (Madijoen), voordracht ingkang wosipoen: a. Ngèntaken kadang wanita kedah waspaos dateng ebahing djagad modern, djalaran jèn kirang wéwéka, saged ngrisakaken kaodem wanita Indonésia.

b. Natjad para moeda ingkang sami goda-ginoda, i. p. prija moeda contra poetri timoer, margi komodern ladjeng noewohaken... c. Natjad para sardjana ingkang sinaoe dateng Europa, kédanan modern Europa, ngantos sami „ambil njonja Europa”!!!

Wanita nempoe politik. P. N. I., B. O., P. S. I. lan sanès-sanèsipoen sami mropagandani para wanita, soepados samia lenggah ing djaman „kamadjengan.” Margi poenika ladjeng katah para wanita ingkang „djoemangkah dateng politik.” Langkoeng-langkoeng ingkang terpelajar, Na-

nging émanipoen kok inggih ladjeng andjog pro dateng beksa modèl kilènan.

Kanggènipoen sakoela, roemaos bingah déné bangsa kita wanita Djawi sampoen sami poetoes ing oelahing kawignjan. Djaman 25 taenan kapengker, sadèrèk koela wanita Djawi mèh sadaja taksih: „interin beras.” balik sapoenika sampoen katah ingkang: „intelect saèstoe.” Nanging émanipoen teka kirang panitnipoen priksa dateng pangangsoenipoen kawroeh kilènan. Katah ingkang doepèh wonten satoenggiling prakawis ingkang „anjar-katon” kémawon ladjeng kaasta, kasinaoe, katiroe, rebat roemijin: djalaran jèn ngantos kantoen, mindak keselak angsal titel kolot, margi dèrèng ngambah djaman énggal waoe. Poendi ingkang roemijin pijambak ladjeng angsal nama „kaé ta ngono. Kanggé tjonto ingkang ngroemijini pijambak „Verpleger lan Verpleegster” Soerabaja ingkang sami dansah, ladjeng dados sekar lam-bé. É, kesoeppèn waoe, boten namoeng sadèrèk wanita ding, nanging wanita lan oegi prija.

Panjowoen koela, menawi para gotrah Katoelik sami nggeboer ing kalangan kamadjengan sampoen ngantos tilar ing wéwéka. Awit pangatos-atos mekaten boten wonten awonipoen. Poenapa déné pandemèn R. K. oegi boten kènging kantoen, djer sapari polah kita poenika tansah kaoelat-oelataken lan katilingtilingaken golongan sanès. Samangsa wonten awonipoen sakedik kémawon, ladjeng dipoenkono-kono, teroes angsal tjap kandel „lah koewi lo, nèk wong R. K., djaréné nèk R. K. mono... sareng saé... S. D. MARTAJA.

SAKING PAKEMPALAN.

KABAR NGIDJON.

Verslaggever G. T. H. A. njerat makaten:

Kala tanggal 14 woelan October kapengker poenika para sadèrèk Katholik ing wewengkon Ngidjon sami saraséan wonten ing sekolahan Troekan Klepoe katoentoen ing pandjenenganipoen R. M. Hadiatmadja; wiwiting bikak saraséan djam 4, katoentoe sadèrèk wonten 22. Toedjoenipoen pamedar sabda nerangaken bab koewadjabanipoen tjiang Katholik gesang sesarengan, poenapadéné sesanggèn-sesanggèning gesang Katholik. Sasampoening para sadèrèk sampoen mangertos, ladjeng ngawontenaken sadèrèk ingkang dados Pangrèh grédja, ingkang kapilih kanggé voorlopig Pangrèh grédja: R. M. Hadiatmadja pangarsa, St. K. Darmasoeprapta panitra, A. D. Partasoeadarma hartaka lan kabantoe koster kalih.

Bakda poenika ladjeng ngwontenaken pakempalan Pangrokti-laja. Ingkang dados awak²ing P.P.L. sadèrèk G. T. Hardja Adisoemarta pangarsa, F. M. Hardjasoemarta panitra, D. Ngadikoen pangrokti arta. Sadèrèk pangarsa P. P. L. ladjeng nerang-nerangaken kanti sadjlèntèrèh-djlèntèhipoen; Menggah toedjoe lan goenanipoen pakempalan waoe. Wasana para sadèrèk ingkang rawoeh sami ngersakaken dados lid. Sareng sampoen djam 6 saraséan katoetoe mawi adat Katholik.

ACTIE OEMOEM.

Ngleresi tanggal djawi poernama; dawah tanggal walandi 15/16 November 1929 para prijantoen goeroe-goeroe reh A.W. Minggir, Majoedan lan Godéjan, sami ngwontenaken pepanggihan, wonten ing dalemipoen mantri goeroe angka II Goepermèn ing Ngidjon. Tapoeking pepanggihan djam 8 sonten, ingkang rawoeh wonten prijantoen 28 wawiling pamarintah 2. Antjasing pepanggihan ngroekoen lan ngraketaken pitepangan lan sasedèrèkan ingkang noenggil pakarjan; boten mawiwang agami, srana katangsoelan, tangsoeling katresnan, déning sesorahipoen sadèrèk goeroe Godéjan, kasambet sadèrèk sanès. Sedaja waoe nerangaken toedjoening tresnaning sadèrèkan. Sareng sampoen karembag moejeg, para sadèrèk 28 waoe sami saéka kapti, ngwontenaken pakempalan moerih lestaring sasedèrèkan; pakempalan waoe kanamakaken: Saraséan Goeroe-goeroe oemoem ing Ngidjon; margi ingkang kanggé zetel ing Ngidjon. Ingkang dados pantoentoening S. G. O. inggih poenika sdr. Martawisastro (goeroe Godéjan), pangarsa: G. T. Hardja Adisoemarta (goeroe Troekan Klepoe), panitra: sdr. Martasastrohardja (goeroe Majoedan), hartaka: R. M. Martajogijana Balangan lan H. Abdolrahman Kedoengbantèng noepiksa. Sareng pangarsa sampoen nerang-nerangaken toedjoening S. G. O. ngraketaken kaperloean oemoem ingkang gegandèngan pangkat goeroe, pepanggihan djam 1 daloe katoetoe kanti wilodjeng.

Perloe oemoem katholik.

Nalika tanggal 24 November '29 ngleresi ing grédja Ngidjon wonten saosan koerban Mis Soetji, bakda Mis Soetji para goeroe-goeroe Mis-sie lan goepermèn ing Ngidjon, Sedajoe, Goeboeg, Bata, Ploegon sami kempal wonten sekolahan Troekan Klepoe perloe nampi sesorahipoen sad. Paulus Kandang goeroe ing Moentilan. Sadèrèngipoen tapoek, pandjenenganipoen nepangaken roemijin. Wasana ladjeng ngandaraken, anggèning pandjenenganipoen saking Moentilan tebih-tebih kerajara doemoegi ing Ngidjon poenika perloe nawèkaken dadaganganipoen, woedjoed pakempalan Van Lith Stichting. Amargi saking loewes wirangang pangrembag, sesorahipoen noedjoni manahing para sadèrèk ingkang nenggan. Wasana sareng sampoen rampoeng wonten sadèrèk 12 ingkang karsa dados lid V. L. S. déné para prijantoen ingkang boten ndjoemenengi sanès dinten temtoe inggih badé loemet. Wasana sareng djam 1/2 12 sasampoening para warga V. L. S. napak asmanipoen, sesorah katoetoe mawi adat katho.

PAKEMPALAN P. G. H. B.

L. J. martosaken kados ing ngandap poenika:

Nalika tanggal 24 November 1929 ing pamoelangan Sosrowidjajan wonten parepatan P.G.H.B.; wiwit kabikak ± djam setengah 10 éndjing.

Inggih andjoemenengi pakempalan waoe pepak i. p. saking golongan H.K.S., P.S.O., K.B., P.N.S., P.G.B., lan P.G.A.S.

Sasampoening pakempalan kabikak déning Pangarsa, ladjeng maos notulen, toewin angabsahaken pisan. Bakda poenika toemoenten lezingipoen sdr. Wignjasoemarta, Hoofdschoolopziener, wosipoen anoedjoe ékonomi, bab tjèlèngan.

VAN LITH-STICHTING

POENAPA

pandjenengan sampoen

NGISÈNI

„serat kasagahan”

dados contribuant

VAN LITH-STICHTING



Pangrèh V. L. S.

p/a Bijz. H.I.S.

MAGELANG.

Menggah kita goeroe poenika koewadjaban andjagi kawilodjeng-aning laré, inggih ing bab badan lan inggih ing bab njawa.

Andjagi kawilodjenganing njawa, ing ngriki boten anggepok menggahing akératipoen (mindak kelebeten). Ingkang kakersakaken, anglaras gesangipoen sadoemoegining kawilodjengan.

Bab andjagi kawilodjenganing badan, poenika wonten 2 warni i. p. njoemerepi rechten (bener) toewin njoemerepi plichten (koewadjaban). Sadaja poenika waoe gandèng kalijan gesang sesawoengan; awit ing ngatasing gesang sesawoengan, manawi namoeng manoeft goetboeg kémawon, poenika kirang oetami.

Manoet andaraniipoen Mr. Singgih, manoenngsa poenika kedah anggadhahi zelfbewust-zijn, ingkang ing tembé wingking ngawontenaken zelfbepalen, wasana saged damel mageding kamanoengsanipoen pijambak-pijambak. Déné ingkang boten kanggènan poenika tetep namoeng: manoenngsa-manoengsan.

Paedagoog ateges opvoeder, djawinipoen toekang anggoela-wentah, temboeng poenika waoe-waoenipoen ateges réntjang-toebasan, ingkang damelipoen ngeteraken laré sekolah, dateng pamoelangan.

Réntjang toebasan nedahi margi ingkang kaambah toewin ngantjer-antjeri toedjoening sedyia i. p. pamoelangan.

Wondéné wontenipoen sapoenika temboeng poenika waoe dados se-seboetan ingkang moelja, awit ateges pantoentoening laré dateng kawilodjengan, dados wangsoelaning pitakèn:

1. kados-poendi kawontenanipoen.
2. kados-poendi toedjoenanipoen.
3. medal poendi merginipoen.

Sebab saking poenika, sang pamedar sabda ngalembana sanget dateng wontenipoen: **pandoe**; awit pandoe poenika **sagah, manggihaken** toewin **nedahaken marginipoen**.

Mila manawi boten poeroen ngéklasaken anakipoen dateng pandoe, inggih kedah dados pandoe pijambak, anoentoen anakipoen medal margi sanès, ingkang tjtjog kalijan

ANGGOEGOE OENINE BENDE SASELE.

Redactie de „Koerier” mengantoe????? Pandji Poestaka leres???

— 0 —

É, é, é, é, tah, tah, tah. Sabar ta sabar sadèrèk!! Sadjaké teka arep golèk beneré déwé. Mangké ta roemijin; sampoen kesesa ta jèn rem-bagan poenika, mindak ngoewoeraken panggali. Andoemoek lepateng sanès poenika kènging kémawon, sinten ingkang badé ngawisi, ananging inggih kedah kinantèn boekti ingkang maton. Ngoengelaken de „Koerier” mengantoe soemangga, oeger angga prijangga boten saré poeles kémawon; awit jèn makaten mangké ladjeng nama „de pot verwijt den ketel, dat hij..."

Tjiang poeroen toemandang poenika rak temtoe sampoen wonten tjepenganipoen; gadah boekti; kados pandjenengan inggih makaten oegi, kagoengan boekti (bewijs)... Ananging boekti satoenggal dèrèng kantenan leres, sampoen dipoenogemi njata. Kados-poendi ta??? Tjubi poen priksani...

Pandji Poestaka No. 94 ddo. 22 November 1929 nerangaken: potrèt ingkang manoeft Sw. Tm. No 40 tanggal 15 November 1929*) ingkang kaitjangan ing sisih nginggil, poenika pamendetipoen saking serat kabar de „Telegraaf” ddo. 25 September 1929 avonblad. Tjubi koela tjoeplikaken sawatawis: „Ketahoeilah pembatja, gambar itoe kami ambil sebagaimana adanja, keterangan dibawahnjapoen kami salin sebagaimana adanja djoega, tidak ditambahi tidak dikurangi, djadi kalau air adalah ia air jang sesoetji-soetjinja. (Pandji Poestaka No. 94 ddo. 22 Nov. 1929 katja 1487).

Inggih makaten poenika noewohaken pitakènan makaten; o, dados jèn panedakipoen leres plek, poenika ladjeng kedah leres oegi ingkang dipoen tedak? Kados-poendi ngertosipoen manawi toja waoe bening njaron, soetji?? Kados-poendi ngertosipoen manawi pola waoe njata sanèstoe?? Sebab pamalipoen titi, manoeft wontenipoen ngrikoef? Kati een zeer zorgvuldig bewaarde leugen waarheid worden, vraag ik mij zelf af?

*) Poenika sanès petikan saking de „Koerier”. Red.

Pararta.

toedjoenanipoen pijambak.

Djaman sapoenika djaman angèl, liripoen katah alanganipoen. Menggah donja poenika ingkang katah-katah mastani, sapoenikanipoen (maatstof v/d beschaving) oekoeranipoen kasoelilaning manoeft wontening jatra. Manawi kita tanpa jatra, masti dipoensapèlèkaken ing lijan.

Mangga kita poenika kagolong kaodem mlarat, menggahing oekoeraning kasoelilaning bab jatra; pramila kita wadajib ngoedi, kados-poendi sagedipoen éwah dados saé.

Menggah sraniipoen poenika boten tjepak dipoenpanggali kémawon, nanging kedah dipoentandangi jektosan; awit badé boten tjepak mawi remebagan kémawon, kedah njamboetdamel.

Mila manawi sami moepakat, soemangga sami nandang saebab kémawon i. p. pokipoen: sampoen ngantos kirang jatra.

Sdr. Dwidjoséwojo sampoen angandaraken jejasanipoen bab: tjèlèngan: ingkang kawastanan „Mardika”.

Ing soewaoe namoeng saged nje-kapi betahing warganipoen, nanging dangoe-dangoe saged ambijantoe sakdjawining warga.

Kita sadaja doemawah ing keml-ratan, mila kedah ngoedi soepados wal saking kamlaratan; nanging pangodi kita boten kènging ade-dasar kasesa, awit poenika malah moeroegaken tanpa goena.

Gesang kita poenika kapérang:

1. gesang ingkang sampoen tata; liripoen blandjanipoen toerah, bab poenika namoeng sakedik tjatjhipoen.

2. gesang ingkang tata, nanging tatanipoen poenika waoe djalaran kepeksa. Liripoen, inggih gadah barang, nanging inggih gadah samboetan, dados manawi kanggé njaoer barangipoen inggih telas.
3. gesang morat-marit.

Blandja sakedik, nanging pantjènipoen betahipoen katah, poenika ingkang pantjèn angèl tinata.

Inggih ingkang nomer 3 poenika kadoedi amrih sagedipoen tata. Sigeg. Sdr. Soerasoegonda amewahi sesorah babsaéning ekonomi, manoeft ingkang sampoen dipoentindakaken pijambak, sarana njerati mlebet medaling jatra, ingkang katampi lan

Sapoenika kados-poendi, poenapa manawi sampoen saé pamalanipoen ladjeng boten kadoenoengan lepat?? Koela ngakeni jèn lepatipoen Pandji Poestaka namoeng saking kirang tinipoen kémawon. Djating lepat doemoenoeng ing serat kabar de „Telegraaf”, ingkang temtoenipoen nemaha andjarag ngèwahi poen potrèt.

Sinten ingkang maspaosaken, poeroen nanding potrèt ing Telegraaf kalijan serat „de Katholieke Illustratie” toewin het „Zondagsblad van de Maasbode,” tentoe teroes saged mastani bédanipoen.

Éwasamanten Pandji Poestaka teka boten. Lah poenika klintoeni-poen, anggènipoen kirang nastiti. Poenapa Pandji Poestaka mbokmanawi boten gadah pola sanès kedjawi de Telegraaf??? Jèn namoeng poenika, lah kirang maton, sebab de Telegraaf poenika satoenggiling koran ingkang boten dojan (ngadjengi) sadéan Katholik, dados wonten èmpèripoen manawi nindakaken makaten poenika. Poenapa Red. boten priksa bab poenika?? Poenapa de „Katholieke Illustratie” ingkang kasebaraken langkoeng saking 100.000 (satoes éwoe) exemplaren, boten ngantjiki dateng kantor Pandji Poestaka??

**

Mila kita tansah badé angonan-dika: „ana ing ngendi baé doenoengé nétral ikoe”?? Ngemohi dateng samoekawis, ingkang adamel indaking kamadjengan lan kasoelilaning (cultuur) ingkang andjrah soemebaring sadjagad rat, poenapa poenika ingkang dipoenwastani nétral? Soemangga anggènipoen badé mastani. Ananging kawoeningana. Pandji Poestaka dèrèng naté sapisan kémawon (sebabipoen kilap) ngewrat potrèt saking djagad Katholik, ingkang ta prabawanipoen (invloed) dateng gesang sesarengan boten nama sakedik, malah kènging dipoenwastani katingkah-katah.

Kawoeningana: ngèndelaken kémawon (doodzwigen) poenika oegi soelaja (tegen) lan kanétralan, sami kémawon kalijan adamel propaganda. Sampoen samanten kémawon.

Pararta.

ingkang kedah kaboeftal. Poenapa malih oegi njateti barang kagoenganipoen sadaja, ing dalem setaoentaenipoen, ngantos tliti sanget.

Dados ing dalem setaoenipoen, saged njoemerepi kawontenanipoen. (Poenika ingkang prajogi katiroe).

Kadjawi poenika oegi nerangaken mageding temboeng ingsoen, sagedipoen mandirèng pribadi.

Ing atasing oemoem, ingsoen poenika dados kawoela; nanging ing atasing salira pijambak ingsoen poenika mandirèng pribadi, dados angradja. Ing ngriki réhning djoemeneng radja kedah langkoeng setrèng katimbang djoemeneng kawoela. Setrèng dateng badanipoen pijambak poenika langkoeng saé katimbang dateng lijan.

Mila manawinjngkiri morat-marit, kedah anggadhahi compas: „emoh morat-marit.”

Menggah ingkang dados oebarrampènipoen „emoh morat-marit” poenika „NRIMA”, liripoen sanadjan sober kados poenapa kémawon inggih kedah narimah.

Mila „emoh morat-marit” poenika kedah kakijataken déning kadjengipoen pijambak „zich zelf helpen” sigeg.

Kadjawi poenika wonten sadèrèk sawatawis ingkang pitakèn, ing semoe wonten raosipoen andébat. Ing ngriki ladjeng kasapih déning pangarsa, wasana sami narimahipoen.

Ing wasana parepatan ladjeng ngrembag serat saking Hoofdbestuur prakawis: contributie, organisatie toewin orgaan.

Bab orgaan tjabang P. G. H. B. Ngajodja moepakat bilih dados lembaran, awit medalipoen langkoeng kerep, toer reginipoen boten sapintena. Badènipoen medal seminggoe sapisan, nanging pangarah sageda dados koran padintenan.

Regining koran badé njowok agenging contributie.

Bab organisatie taksih ngentosi serat saking Hoofdbestuur.

Ing taoen poenika P. G. H. B. boten ngawontenaken pista, amargi wekdalipoen, saweg sober.

Wasana watawis djam 1 sijing parepatan katoetoe, kanti atoe panowoen dateng sadaja ingkang sami ndjeneng, toewin dateng ingkang ngowasani pamoelangan Sosrowidjajan, poenapa malih dèrèkaken soegeng kondoor.

Roem kalijan Arab.

Nauen 19 Nov. (Aneta radio). Kabar saking Roem anjarjosaken bilih ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama andawoehaken dateng Kangdjeng Maha Biskop Hadshun ing Palestinah soepados njaroedjoeki poenapadéné ambijantoe sedyanipoen pakempalan-pakempalan Arab angajomi papan-papan soetji. (Manoet katranganipoen redactie de Koerier prakawis poenika namoeng ingkang toemrap klaagmuur kalijan Masdjidipoen Oemar).

Gandèng kalijan rembag ing nginggil, Sw. T. kapeksa njaroewé anggenipoen Bahagia mrelat temboeng Heilige Stoel. Tilgram ing nginggil poenika ingkang saking Aneta radio, makaten: „Uit Rome wordt gemeld dat de Heilige Stoel den Katholiekken Aarts-bisschop van Palestina, Monseigneur Hadshun, opdracht heeft gegeven om aan de Arabische organisaties de sympathie met en medewerking te verzekeren aan de door die organisaties in het werk gestelde pogingen om de heilige plaatsen te beschermen.”

Bahagia ingkang metik tilgram Locomotief (koela boten mangertos kados-poendi oenggelipoen tilgram Locomotief), moengel makaten: „Rome 20 Nov. (Loc). Toewan Stoel jang soetji, jaitoe seorang aarts-bisschop di Rome telah mengirimkan kabar oentok menandakan setoedjoe Paus di Rome dengan pergerakannya bangsa Arab, sedang Paus akan sokong mereka oentok membela tanah soetji itoe.”

Pretalan poenika ingkang tétéla kedah dipoensarowé i. p. temboeng: Toewan Stoel jang soetji. Redactiening erat kabar (padintenan) pantjenipoen kedah mangretos bilih Heilige Stoel poenika sami kémawon kalijan Z. H. de Paus. (Red.).

Maha Biskop ing Utrecht séda.
Kala tanggal 18 Nov. poenika, pandjenenganipoen Kangdjeng Maha Biskop Henricus van de Wetering ing Utrecht séda.

Pandjenenganipoen mijos wonten Hoogland kala 26 Nov. 1850. Djinebadan dados imam kala taon 1874. Djoemeneng Maha Biskop wonten Utrecht kala 2 Nov. 1895.

Lalabetanipoen Kg. Maha Biskop van de Wetering katah: parochi-parochi, Grédja-grédja, toewin sakolahan-sakolahan. Wontening aarts-bisschoppelijke kweekschool kalijan kerkelijke muziekschool poenika inggih saking lalabetanipoen Kg. Maha Biskop van de Wetering. Samanten oegi adeging pamoolangan loehoer Katholik poenika ingkang sapérangan ageng inggih margi pandjenenganipoen.

Kg. M. B. van de Wetering nalika soegengipoen oegi sineboet: Romeinsche Graaf, Commandeur in de Orde van Oranje Nassau; Magistraat Grootkruis der Heilige en Souvereine Militaire Orde van Jeruzalem kalijan Souvereine Orde van Malta; Grootkruis der Orde van het H. Graaf; Grootcommandeur der Koninklijke Huisorde van Hohenzollern.

Sang praboe Victor Emanuel martamoe dateng Vatikan?

Sang Praboe Victor Emanuel, nata Italie sakalijan pramésuari poenapadéné poeta-poetra, kawartosaken badé martamoe dateng Vatikan.

Kados-poendi tata-tjaranipoen Nata Vatikan nampèni pisowanipoen ratoe-ratoe Katholik?

Kados ingkang sampoen-sampoen, (tata-tjaranipoen) wonten warni kalih. Ingkang satoenggal kados nalika pisowanipoen Nata Sepanjol kala sawatawis taon kapengker. Inggih poenika: Ngarsa dalem lenggah wonten dampar ing salebetipoen bangsal Consistorie, kaadep sadaja Kardinaal ing Roem. Para nata ingkang badé sowan tinampèn kanti

pangadji-adjadi wonten palataran Damasus, ladjeng kairid minggah. Doemoegi badé malebetipoen dateng bangsal-bangsall dalem, binagèkaken Kardinaal-Diaken tiga, ladjeng kairid dateng bangsal Consistorie. Nalika tamoe waoe mlebet, para Kardinaal sami koermat ngadeg. Ratoe Katholik ingkang sowan teroes madjeng doemoegi satjaking palenggahan dalem. Ratoe waoe teroes netjep asta dalem, ladjeng maos poenapa-poenapa ingkang badé kaatoeraken (toespraak), sarta ladjeng kaparingan wangsoelan. Sasampoenipoen makaten, sampéjan dalem djengkar saking palenggahan tedak dateng bangsal partikelir, kalijan sang Praboe.

Katjarjos nalika sowanipoen Nata Sepanjol, radi njoelajani kalijan tata-tjara kaseboet. Inggih poenika, Sang Nata sakalijan Pramésuari mawi djèngkèng njoedjoeki pada dalem.

Kadjawi tata-tjara ing nginggil taksih wonten tjara satoenggal malih, kados nalika sowanipoen Nata Belgii. Tata-tjara poenika béda kalijan tata-tjara ing nginggil. Doenoenging bédanipoen: Kangdjeng Santo Rama boten ngentos wonten bangsal Consistorie kaadep para kardinaal. Ngarsa dalem anggenipoen manggihi wonten bangsal alit (troonzaal), sarta ngentos wonten taloendaking bangsal waoe.

Béndjing manawi Nata Italie martamoe dateng Vatikan, kawartosaken ngarsa dalem boten ngagem salah satoenggingil tata-tjara kalih kaseboet nginggil. Semoe-semoenipoen badé ngagem tata-tjara énggal ingkang mèmper kalijan tata-tjara kalih waoe.

Imam ahli barang kina.

Pastoer Bernardin Azaïs, imam Capucijn bangsa Prasan saking Toulouse, poenika prijantoen ahli barang kina. Kala woelan kapengker pandjenenganipoen manganggi karavaan niti pariksa papan saki-doel-wétanipoen Abessinié. Pastoer Bernardin Azaïs sampoen gangsal taon anggenipoen anindakaken paniti-priksa bab prakawis-prakawis djaman kina, ngantos saged kekemplak boekti warni-warni ingkang migoenani. Pandjenenganipoen samangké saweg matitisaken barang-barang kina ing karadjan Kaffa djaman roemijin.

Katjarjos, kala 15 taon sadèrèngipoen perang ageng, pastoer Ozaïs sampoen dados missionaris wonten Abyssinié. Salebetipoen 15 taon, pandjenenganipoen ngoepakara tetijang sakit boedoeg ing Harar. Nalika djaman perang, pandjenenganipoen kaangkakaken perang dateng saelèripon Griekenland. Inggih nalika samanten poenika pejtjahing pangertosipoen bab kawroeh barang kina.

Sakèndelipoen perang ageng, pastoer waoe wiwit toemandang njamboet damel. Saking dawoehipoen Ministere Onderwijs ing Paris, pastoer Ozaïs andjadjah tanah Ethiopié ngantos rambah kaping tiga.

R. K. Jeugdwerkorganisatie ing Nederland.

Jeugdorganisatie ing Nederland madjeng. Manoet verslag taon 1928, R.K. Jongenspatronaten ingkang anggadahi tjabang 14, warga 3380, sa-poenika tjabangipoen dados 513, warganipoen 31.379.

Pakempalan-pakempalaning laré ingkang mligi ngrembag Agami warganipoen dados 103.584. (mindak 4812). Pakempalan-pakempalan toemrap kasarasaning badan, warganipoen mindak 2000.

Jeugdwerkorganisatie sampoen anggadahi warga langkoeng saking 200.000.

Serat kabar énggal.

Ing Amsterdam tjalon wonten serar kabar Katholik ingkang oegi anggadahi ochtend lan avondblad.

K A B A R O E M O E M .

I N D O N É S I J A H .

Waterleiding Pakalongan.

Saking tjarijosipoen Aneta, gemeenteraad Pakalongan boten njondongi oesoel ngawontenaken waterleiding. Awit, manawi wonten toenanipoen mindak dados tatanggalan awrat.

Poetoes iksamenipoen.

Sadèrèk Goelarsa Astraadikoesoema saking Pati, kalijan sadèrèk Admiraal saking Malangbong, poetoes iksamenipoen dados dokter Indonésiah. (pamoelangan dokter Betawi).

Sadèrèk Aolia saking Kotagedang Fort de Kock, poetoes iksamenipoen dokter wonten pamoelangan loehoer gemeente ing Amsterdam.

Sadèrèk M. Prijaetama, loeloes kandidat-iksamen Indische letteren

wonten pamoelangan loehoer ing Utrecht.

Sadèrèk Soewarna Prawirahardja poetoes iksamen doctoraal Ind. Recht wonten pamoelangan loehoer ing Leiden.

Grija sakit ing Malang.

Raad gemeente Malang mentas netepaken nedyia ngadegaken grija sakit gemeente. Waragadipoen karantjangan f 460.000, sarta kasoewo-aken soebsidi dateng Paréntah katalhipoen f 345.000.

Ing Madoera kekiranngan teda.

N. Soer. Crf. njarijosaken patjeklik ing Madoera (gandèng kalijan pandjangan mangsa katiga) saja anggegiris. Gegadahanipoen tetijang ngrikoe sami malebet ing pagan-

tosan. Radjakapanipoen inggih dipoensadèni kanggé tembas tetedan. Katjarjosaken oegi, Boepati Pamekasan mentas neda arta voorschot dateng Resident katalhipoen f 3000 preloe kanggé toembas gaplèk, minangka tjadongipoen tetijang ing Propoh.

Dados panitra kongsoel ing Djedjah.

Asistèn Wedana Algemeene politie ing Semarang, sadèrèk Abdoelkadir Widjajaatmadja, kaangkat dados panitra kongsoel ing Djedjah.

Fadjar Azia pedjah.

Dagblad Fadjar Azia gadahanipoen P. S. I., sapoenika sampoen boten medal. Kawartosaken bilih P. S. I. namoeng badé ngedalaken serar kabar minggon minangka adjanging pakempalanipoen.

Manoenggilipoen partij tengen.

Saking tjarijosipoen A. I. D., para warga Raad Kawoela golongan tengen sami anggolong ngawontenaken federatie, kanggé ngrembag prakawis-prakawis ingkang preloe. Nanging federatie waoe boten anamtokaken sadaja warga kedah manoen pamanggihipoen federatie. Tegesipoen: manawi wonten warga ingkang gadah pamanggih mijambaki, warga waoe boten dipoenpeksa ngoerbanaken pamanggihipoen.

Déné ingkang loemebet wonten federatie waoe: P. E. B. golongan Walandi, M. P. V. ingkang anggadahi babantèng dr. Apituly; I. E. V.; para warga Tionghoa; P. E. B. golongan Priboemi.

Raading federatie badé ngrembag poenapa-poenapa ingkang tjalon karembag wonten Raad Kawoela. Saben parté ngintoenaken wakil sa-toenggal.

Grija pondokan.

Pewartu Soerabaja martosaken bilih saking ihtijariipoen sadèrèk Protestant ing Soerabaja, ing ngrika badé dipoenwonteni grija pondokan kanggé moerid-moerid Protestant, poenapadéné grija sipangan kanggé tjing Protestant ingkang ngoepados pandamelan dateng Soerabaja. Pondokan ingkang kanggé moerid waoe tjalonipoen kaanggé mirah. Déné grija sipangan kanggé tetijang Protestant ingkang pados pandamelan dateng Soerabaja, tjalonipoen tanpa bajaran.

Badé ngitjalaken.

doekoen-doekoen bangsa Hindoe.

Toewan Dr. Winckel inspecteur Dienst Volksgezondheid ing Djawi Kilèn, saweg amboedidaja sasaged-sagedipoen nedyia ngitjalaken doekoen-doekoen bangsa Hindoe ingkang masang advertentie wonten serar-serat kabar, njarijosaken manawi saged njarasaken sawarnining sasakit, mangka sadjatosipoen namoeng djadjal-djadjal badé njarasaken. (Sin Po).

Tijang bebara bangsa Djepang toewin Tionghoa.

Ing wekdal ingkang kanteen-kanteen poenika, katawis indakipoen tijang bebara bangsa Djepang sami anggaota pados oelam, margi sami mangertos, poenika ngedalakan kasil katah.

Salebetipoen sawatawis woelan kapengker, ing Tandjoeng Prijoek kadatengan djoeroe misaja oelam bangsa Djepang, langkoeng saking 100. Nanging anèhipoen, déné tetijang Djepang poenika waoe boten wonten ingkang langkah saking oemoer 20 á 21 taon, lan mèh sadaja asli saking panggenanipoen tijang misaja oelam ing Okinawa-Kin ing Djepang. Kadjawi poenika, tetijang waoe ingkang katah-katah katingal manawi tijang saged.

Déné tijang bebara bangsa Tjina inggih katawis mindak. Ing wekdal samangké katah tijang èstri saking Tionggok ambekta anak-anakipoen. Poenika gandèng kalijan sempoe-loering panjamboetdamelipoen sadèrèk Tjina ing ngriki. Singsèksingkek ingkang mandé lss., panjamboetdamelipoen ngredjekèni, ngantos saged andatengaken anak-bodjoniipoen saking Tionggok, oetawi andatengaken tijang èstri saking nagarinipoen tjalon kanggé sisihan.

Tetijang saking nagari Tionggok ingkang sami pados pandamelan wonten tanah ngriki poenika, kabekta saking resahing kawontenan ing ngrika, katah bégal-bégal toewin doerdjana. Dados anggenipoen sami mirki waoe dapoer ngoengsèkaken gesang. Ing doesoen-doesoen, dalasan ing kita ageng-ageng ing nagari Tjina, tetijangipoen roemaos boten angsal pangajoman njekapi tansah ginanggoe damel bégal, brandal sasaminipoen. Makaten pamirengipoen Aneta. (Tijang ingkang mireng kawontenan ing nginggil sampoen mestinipoen manawi ladjeng saged moengel: „Wong kanakana pada teka mréné golèk pangan. Nanging wong kéné pada menjang sabrang anggolèk sega sapiring. Memelas! Red.)

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

PANGAJOMAN TOEMRAP BRAJAT.

(Gandèng kalijan Volksraadprogram-ipoen I. K. P. kanggé taon 1931-1935).

—:o:—
II.

Wonten Sw. T. kapengker kaseboet ing wawaton nomer 2, koela sadaja sami soemerep paoegeranipoen Pasamoewan Soetji toemrap brajat.

Kita mangertos: idjab makaten dados tatesing brajat; déné brajat dados dadasaring maatschappij.

Mila manawi tijang badé andjoendjoeng daradjading gesang sasaringan, kedah boten nilar wawaton leres toemrap idjab toewin brajat.

Dawoeh pangandika dalem Sri Nata Pandita Leo XIII, kaseboet wonten nawala „Quod apostolici muneris” katitimangsan ing Rome kaping 28 Desember 1878, makaten:

„(.....) Maatschappij ing sadjroning omah, ikoe dadi tatesing sawarnané nagara lan karadjan. Pranatan sing betjik toemrap maatschappij iki, bakoéné koedoe adadasar babrajané lanang karo wadon; lan babrajané lanang karo wadon iki maoe koedoe ora kena pedot.”

Ing ngriki terang malih, bilih kutumba pantjen dados tatesing maatschappij. Mila, pangreksaning brajat makaten ingkang bakoe doemoenoeng wonten bapa bijoeng, boten wonten maatschappij!

Kadjawi poenika, dawoeh dalem waoe oegi ateges ngembali dawoeh dalem Hyang Paneboes, bilih idjab makaten prakawis soetji, boten kénging dipoensoewijah. Tegesipoen: ing dalem idjab prija toewin wanita kedah ngèsti gagajoehan loehoer, oetami, boten winasésa déning nafsoe-chéwani.

Sasampoenipoen kita damang kalijan wawaton Katholik toemrap idjab toewin brajat, mangga sapoenika sami ningali wawaton-wawaton bab prakawis waoe ingkang dados paoegeranipoen para remen damel modèl énggal.

Manawi kita njatitèkaken poenapa ingkang kaseboet ing dalem babad, kita ladjeng mangretos djagading manoengsa (sadjawining Katholik) saja dangoe saja boetek. Margi koemaloengkoengipoen, ladjeng sami kontjatan toewin nilar papandom ingkang leres. Kanjataan-kanjataan ingkang sampoen madjaman-djaman wontenipoen, kaanggep barang kina, boten andjamani. Kawoela ingkang sami ngeogengaken sifating „akoe”, sami taloesoepan ngoepados gagrag énggal. Pamanggihipoen sami nglempara déning kètjalon papandoming boedi leres. Anggepipoen poen „akoe” waoe, sampoen doemoenoeng wonten poentjaking redi ingkang inggil pijambak. Manoengsa sanèsipoen katingal kados semoet pating gremet wonten sangandapipoen. Mila, poen memend „akoe” ladjeng medaraken ngèlmoe pe-petingan ingkang roemaosipoen ngoengkoeli kasoenjatan-kasoenjatan wedalan Pasamoewan Katholik.

Wontening ngèlmoe Bolchewisme lss. ing nagari Roeslan, poenika kalebet wohing pamboedidajanipoen para ingkang ngeogengaken sifating „akoe.”

Pamanggihipoen Sovjetisme toemrap idjab toewin brajat tétéla kosok-waifsoel baledjed kalijan paoegeran kita. Wawaton bolchewisme toemrap prakawis waoe ngrisak poenapapoenapa ingkang sarwa soesila.

Ing boekoe oendang nagari babagan ingkang magepokan idjab, damelanipoen sovjet kala taon 1919, anetepaken: „Wong toewa ora doewé wewenang lan kawadjaban toemrap anaké. Sing ndoewèni wadjab, nagara. (gemeenschap). Babadan kang tinanggenah ngopèni anak-anaké wong-wong, koedoe ngatonaké jèn enggoné ngopèni loewih betjik tinimbang manawa botjah-botjah diroemat wong toewané

déwé. Awit, wong-wong toewa sing djaréne tresna karo anaké maoe pada ora doewé pangerti; ora doewé sarana-sarana kaja kang didoewèni nagara.

Anggering nagara toemrap idjab anetepaké: toedjoening idjab koewi doedoe noeroenaké anak. (Dados namoeng kanggé noeroeti birahining manah).

Tatesing brajat doedoe idjab kaja panemoe sing bijèn-bijèn. Sing bakoe waton noeroenaké. Moelané wong-wong wong lanang lan wadon ora doewé wewenang toemrap anaké. Sing ndoewèni, nagara.

Nagara ngenakaké waé, wong-wong pada idjab lan pegatan. Moelané nagara ora anetepaké idjab koewi dadi jajanan kanggo ngoerip.”

Dadasaring brajat toewin idjab ingkang kados makaten waoe, tétéla nglorotaken daradjading manoengsa. Golongan waoe kesoepon (boten poeroen ngandel) jèn manoengsa poenika wadag kalijan aloes dados satoenggal. Anggenipoen moengel, paoegeran makaten poenika saged noewoehaken samining wewenang toemrap sadaja laré, boten pradoeli anakipoen sinten. Nanging persamaan makaten poenika waoe poenapa inggih saestoe andajani saé dateng laré? Sampoen genah boten! Malah kepara andjalari toewoehing moesibat warni-warni! Awit, kados ingkang kerep katjarjos wonten salebeting serar-serat kabar, ing Roeslan katah sanget laré sami moersal, ambrandal, ngètjoe, sasaminipoen.

Toemrap prakawis salaki rabi, wedjangan bolchewisme boten namoeng mandeg doemoegi samanten. Bolchewisme angampilaken sanget tijang pegatan. Anggenipoen njoe-kani serar pegat boten soesah ngentos golonging panedanipoen tijang kalih-kalih pisan; salah satoenggal kémawon sampoen tjepak. Lan sawantji-wantji neda pegat, inggih kéngang-kénging kémawon.

Mangga papatjak-papatjak bab pegatan (damelan Roeslan) ing ngandap poenika sami dipoenraosaken:

Art. 37. anetepaken: nagari badé njoe-kani serar-pegat manawi tijang sakalih-kalihipoen sami golong neda pegat. Botenipoen makaten inggih tjepak salah satoenggal kémawon.

Art. 90. Anggenipoen neda pegat, dateng pangadilan ing padoenoenganipoen tijang kalih waoe. Déné manawi ingkang neda pegat namoeng salah satoenggal, anggenipoen lapoer dateng pangadilan ing padoenoenganipoen ingkang neda pegat; oetawi dateng pangadilan ing padoenoenganipoen ingkang katedakaken pegat.

Art. 91. Manawi anggenipoen neda pegat waoe pantjen dados kadjengipoen tijang kalih, poenika anggenipoen neda, kénging dateng kantor-idjab ingkang njimpen serar-idjabipoen tijang kalih waoe.

Nitik soeraosing papatjak-papatjak kaseboet nginggil, tétéla manawi kori ingkang soeka margi dateng pegatan dipoenengakaken wijar sanget.

Artikel 130, 131, 132, anemtokaken golongan ingkang sèkèng ingkang pipisahan kalijan rabinipoen, poenika taksih pikantoeke teda saking tilas sisihanipoen. Prakawis poenika inggih ladjeng ngindakaken senengipoen tijang mainan serar-pegat! Lan poenapa pambajaranipoen inggih saged adjeg saé? Sampoen genah boten!

Mangga, pamanggih Katholik kalijan pamanggih bolchewisme poenika ladjeng pandjenengan djè-djèraken!

Kumuningsaselé, 25 Nov. 1929. Taklim: Patjar Mérah.

Kobong gesang-gesangan.

Margi katah lemoet, tijang èstri ing Kampoeng Poelo Glatik, Tjikarang, njoemet bedjangan wonten salebeting grija. Tijang èstri waoe tilem kalijan anakipoen tiga; déné ingkang djaler saweg késah roenda. Satengahipoen tilem, grija moeroeb. Bijoeng kalijan anakipoen kalih saged ontjat. Nanging anak ingkang nomer tiga, oemoer 7 taon, nalika tangi sampoen keboenton margi, déning latoe, andadosaken lan tiwasipoen. Kawontenaning majitipoen ngeres-eresi; Grijanipoen loedes dados awoe sadaja.

Baita perang Parangakik.

Tanggal 28 November poenika, Tg. Priok kadatengan baita perang gadahanipoen nagari Parangakik, nama Bellatrix. Baita perang waoe anggenipoen laboeh wonten Tg. Priok doemoegi 1 Desember; saking

ngrikoe ladjeng dateng Makasar sawatawis dinten.

Bellatrix. (1250 ton), isi mrijem 15 c.m. kalih, mrijem 7½ c.m. kalih, mrijem alit-alit sawatawis, opsir 6, lan sor-soranipoen 97.

Kanggé preloenipoen goep. Bornéjo — Inggris.

Goepermèn Bornéjo Lèr bawah Inggris, angsal palilahipoen Paréntah ngriki, salebetipoen kalih taon, kénging mendet koeli Djawi (djaler lan èstri) katah-katalhipoen 2000.

Spreekdelict.

Pangarsa P.N.I. Semarang, sadèrèk Tjipta, kapoetoes déning landraad Pekalongan kaeoekoem 2 taon kasoeda wekdal tahanan. Prakawis poenika gandèng kalijan anggenipoen spreekdelict kala vergadering P.N.I. Pekalongan tanggal 21 Djoeli.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLEH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÉT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
— INGKANG AWOEDJOED —
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **DJOKJA**
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat **MALIOBORO** „RATHKAMP” **MALIOBORO**
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA „RATHKAMP” **DJOKJA**
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Matoer sanget noewoen dateng pa-doeka rama Pastoor H. van Driessche, lan para kadang mitra sadaja, ingkang sampoen sami ngoepakara lan béla soeng-kawa dateng M. Marianus Sastraetama ingkang mentas kapoendoet ing Goesti, nalika malem Selasa tanggal ping 19 November poenika.

Pangrèh K. W.
GANDJOERAN.

TOKO DJOEN & Co.
PATJINAN TELEF. NO. 374 DJOCJA.

BOEWAT MERAJAHKEN
HARI RAJA ST. NICOLAAS.
Kita baroe trima¹

CHOCOLADE - LETTERS,
CHOCOLADE - FIGUREN,
CHOCOLADE - LUXE DOOZEN BONBONS,
dan lain - lain.

Djoega selama bisa belie:
= KOEWEEH² SPECULAAS =
djoega bisa die trima pesen seharie die moeka
= FRAAIE BOTER LETTERS =

Boewat pesenan koeweeh speculaas lebih darie 10 pond, die reken banjak lebih moerah.

MEMOEDJIKEN DENGAN HORMAT:
TOKO DJOEN & Co.

TOKO BARANG - BARANG.
H. SPIEGEL — DJOKJA.

BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:
kami ada sedia:
roepa-roepa dolanan bagi anak-anak
moelai harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,
kami ada sedia:
matjem-matjem barang boeat geschenk;
Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom
Sekolahan-sekolahan dan perhimpoean-perhimpoean,
bisa terima potongan harga.

**DARI SEBOETAN
DJADI REBOETAN**

DALAM 3 BOELAN
TELAH DIDJOEAL
LEBIH DARI
55.000
VOLKSALMANAK 1930
BALAI POESTAKA

Akan tetapi masih ada.
Bahasa DJAWA, MELAJOE, SOENDA.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30.	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30.	Soerabaja:
Amboina 7.30.	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30.	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6 - 7.30.	8.30.	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	7.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	7.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30.	9.30 (mal.).	6 - 8.30.	Tegal ²⁾ 7.30 - 9.30.
Djokja:	Medari ⁶⁾ 7.30.	8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Meester Corn. 7 - 9.	7 - 8.30.	Tjilatjap ⁵⁾ 7.30.
Jav. 6 - 8.	Mendoet 6 - 7.30.	7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Modjokerto 6 - 8.	5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30.	Moentilan 5 - 6 - 8.	7.	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30.	Muntok 8.	7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Ngawi ⁷⁾ 7.30.	6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemen ⁴⁾ 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	6.30 - 9.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Kediri 7.30.	Pajakoembo 7.30.	6 - 7.30.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Palemboeng 7 - 9.		
Koeta Radja 6.30 - 8.	Paseroean ¹⁾ 7.30.		

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.
²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

MANTJA NAGARI.

NEDERLAND. Barang-barang ingkang mlebet lan medal. Salebetipoen woelan October, barang-barang ingkang mlebet dateng Nederland pangaos f 258 mlijoen (kala Oct. '28 wonten f 234 mlijoen). Wiwit Jan. '29 doemoegi Oct. kapengker poenika, barang ingkang mlebet pangaos f 2300 mlijoen (Jan. '28 — Oct. '28 f 2252 joeta) Déné barang ingkang medal, salebetipoen Oct. pangaos f 185 mlijoen. (Oct. '28, wonten f 180 joeta). Salebetipoen Jan. '29 doemoegi Oct. kapengker goenggoeng barang ingkang medal pangaos f 1680 joeta (kala Jan. '28—Oct. '28 wonten f 1652 mlijoen).

Poetri Juliana. Maasbode njarijosaken ing salebeting kalangan student wanita ing Leiden wonten pawartos bilih bédjng satamating sinaoenipoen, poetri Juliana badé patjangan. Nanging poenapa kabar waoe temen, poenika dèrèng saged anemtokaken.

BARITANIJAH. Tjatjahing réntjng toembasan ing sadonja. Lady Simon ngedalaken boekoe nama „Slavernij.” Wonten boekoe ngrikoe katerangaken, tjatjahing réntjng toembasan ing sadjagad taksih wonten 5 mlijoen. Boekoe waoe anerangaken ingkang taksih wonten tjara makaten poenika, ing nagari Abesinië, Arab, Tiongkok. Ing nagari-nagari waoe warni² tindak daksija ingkang katandoekaken dateng réntjng toembasan.

DJERMAN. Hindenburg kalijan sport. Presidèn Hindenburg mentas

nampèni pisowanipoen satoenggiling ahli atletiek bangsa Djerman. Ahli sport poenika waoe mentas lelana saking nagari Djepang. Wonten poengkasaning odènsi, presidèn Hindenburg njarijosaken bilih sport makaten sakalangoeng migoenani toemrap bangsa Djerman ingkang dèrèng pikantoeok poepoetjoeking militaire oefeningen.

Radja pedjah. Ing Djerman sami angraosaken radja-pedjah-radja-pedjah tjang èstri, ingkang semoenipoen katindakaken déning satoenggiling komplot, poenapa kados-poenidi. Anggènipoen medjahi tjang oetawi laré èstri mawi tjaranipoen doerdjana Inggris ingkang nama Jack the Ripper. Kala tengah-tengahipoen woelan poenika, tetjng sami manggih bangkènipoen tjang èstri wonten Dusseldorf. Bangké poenika bangké ingkang nomer sangalas, ingkang toewoeh saking kadoerdjananipoen doerdjana njalawados waoe.

Poelisi ing Dusseldorf sanget anggènipoen ngoebres, mawi kabijantoe poelisi - poelisi - sandi ingkang sampoen misoewoer kasaged-anipoen. Radja pedjah ing Dusseldorf soeka wewenang sakedik kalih kedik dateng poelisi. Doerdjana waoe ngintoeni kartoeops biro kapoelisèn, anedahaken poendi doenoenging papan pendeman bangké ingkang kedah kadoedoek. Kadjawi poenika, doerdjana waoe njoekani soemerep bilih pijambakipoen sampoen késah saking Dusseldorf. Tjara makaten waoe, perloenipoen namoeng kanggé mabebingoeng poelisi anggènipoen pados katrangan.

Tetjng èstri ing Djerman manahipoen sami koewatos, bokbilih kadoerdjanan waoe timboel malih.

PARANGAKIK. Rantjangan Marine. Minister barisan samodra ing Parangakik ngladosaken rantjangan marine kanggé taoen 1930. Manoet rantjangan waoe, tjalonipoen nagari damel kruiser 1, torpedo jager 6, baita silem 6. Ragadipoen karantjng 1.267.000.000 francs, kapérang-pérang wonten begrooting taoen 1930 doemoegi 1934.

Pangrengkoeh dateng tetjng mantja. Parepatanipoen panitya bab pangrengkoehipoen nagari dateng tetjng mantja, anetepaken: oemoenipoen tetjng mantja anggadhahi wewenang sami kalijan kawoela toemrap prakawis economie, poenapadéné pandamelan.

Kapal silem ingkang ageng pijambak. Parangakik jasa kapal silem, kanamakaken *Surcouf*. Kapal silem (duikboot) waoe agengipoen 3250 ton, lan sami-sami kapal silem ing sadjagad kalebet ageng pijambak.

Kapal silem *Surcouf* sampoen katapakaken wonten toja kala 18 Nov. Babaoening baita 150. Dedameling perang ingkang wonten ngrikoe mrijem 5,5 inch, sakawan. (1 inch 2,54m.), watervliegtuig alit satoenggal, i.s.s.

Baita silem *Surcouf* tjalon saged njilem doemoegi lebet kirang langkoeng 126 meter (420 kaki). Mangka kapal silem sanèsipoen, lebet-lebetipoen anggènipoen njilem namoeng doemoegi lebet 99 meter (330 kaki).

PALESTINAH - MESIR. Nanggoelang komunisme. Wonten ing awaling taoen ngadjeng, nagari kalih waoe badé rerembagan, preloe roeroekoenan anindakaken pranatan anglawan komunisme.

TOERKI. Dinten Djoemoewah kasantoean Ngahad. Sakedap malih Toerki ngedalaken tetapan nagari, anetepaken dinten ngaso boten doemawah wonten Djoemoewah kados sapoenika, nanging kadawahaken wonten Ngahad. Soepados tjang kawah seneng manahipoen, kaesoelaken soepados namaning dinten kahh waoe kawalik, i.p.: dinten Djoemoeah soepados dipoen-namani Ngahad, déné dinten Ngahad ingkang kanggé ngaso waoe, soepados dipoen-namani Djoemoewah.

TIONGKOK - SOVJET. Salebetipoen minggoe kapengker Sovjet ngajoni Tiongkok saking kalih prenah wonten Chin. Oosterspoorweg. Montor maboer Sovjet nglajng wonten sanginggiling Hailar, wonten koekoeban Dalainor-Manchoeli, kalijan ngoentjalaken bom-bom ngrisak setatsjoen montor maboer gadahanipoen Tiongkok.

Wadya Tiongkok tjampoeh kalijan wadya Roeslan wonten koekoeban Dalainor. Montor maboer Sovjet ngoentjali bom trèm Tiongkok wonten saantawisipoen Dalainor kalijan Chinkiang, andjalari karisakan ageng.

Sovjet roemaos boten saranta déné rerembaganipoen Tiongkok kalijan Roeslan bab Oostersche spoorweg dèrèng wonten rampoengipoen. Mila ladjeng anetepaken njantosani padjagèn militèr wonten papan-papan ingkang kamanah preloe ing tapelwates Roeslan.

CANADA. Mangsoelaken barang Djerman. Canada tjalon mangsoelaken barang-barangipoen Djerman. Djaksa toewan Thomas Mulvey kengkèn dateng Berlin preloe re-

rembagan bab pranataning wekdal pambajaran. Pangaosing barang-barang Djerman ingkang kabeskoep wonten Canada waoe, 13 mlijoen dollar.

AMERIKA. Toembas baita. Amèrikah mentas toembas baita 30, regi 1.471.000 dollar. Baita-baita waoe badé kanggé preloening padagangan Amèrikah wonten palaboehan-palaboehan Roeslan ing soenglon Perzië, poenapadéné wonten palaboehan-palaboehan ing Siberië.

AUSTRALIA. Nalika ambikak parlement, goepernoer-djèndral Australia anerangaken, nagari badé mantoeni anggènipoen atoetoloeng para ingkang bebara dateng Australia, margi Australia pijambak kawah sanget tjang nganggoer. Parèntah Australie kaekapa njijoetaken kori ingkang kanggé nglebetaken immigranten bangsa mantja wonten nagari ngrikoe.

